

IJAMBO RY'UGUSOZERA YUBIRE Y'IMYAKA 50

Muyinga, 05 Nyakanga 2020

Benicubahiro Bungere ...

1. Ndabakengurukiye mwebwe mwese mwaje ngo dusangire akanyamuneza k'uju musi mukuru wo gusozeria ihimbazwa rya Yubire ya Diyoseze yacu.
2. Iryo himbazwa twaritanguye kw'itariki ya 05 Nyakanga mu mwaka w'2018, turigenera kumara imyaka ibiri, ngo benumuryango bose baronke umwanya ukwiye wo kumenya ko turi mu gihe kidasanzwe co kwisubiza itoto ku mutima no mw'isangirabutumwa bahamagariwe kuremesha. Twaritanguye twiyemeje kurirangura kubw'ibikorwa bitandukanye bitumbereye vyose gukomeza muri benumuryango urukundo, akanyamuneza, amahoro, ukwiyumanganya, ubukundanyi, ubuntu, ukwemera, ukugenza buhoro n'ukwigumya" eka vya vyiza biva kuri Mutima w'Imana, Pawulo Mweranda adondagura mw'Ikete yandikiye Abanyagalati (Ga 5:22). Ivyo bikorwa vyabayeye ugusenga, ukwakira inyigisho (Ingingo z'Inama y'Umuryango), ukugarukana mu bumwe bwuzuye abikumiriye, ugupfundika n'ugushira mu ngiro imigambi izokwama yibutsa benumuryango ko twahimbaje Yubire y'imyaka 50 y'umuryango wacu.
3. Twasenze dukenguruka twongera dusaba gutera intambwe mu gikorwa nyabubiri co kumenyesha Yezu-Kristu abatamuzi no kumunywanisha n'abamaze kumumenya. Twakengurukiye ubwambere Imana, n'ubu tukiriko, yo yadukuye mu busa ikatugira umuryango ufise izina n'igihagararo: Diyoseze ya Muyinga. Tugaca dukengurukira n'uwo yikozeko mu kutugirira

ico ciza, Umweranda Papa Pawulo VI, tutibagiye n'uwo iyo Diyoseze yavutse ishingiyeko, umuhisi Nyenicubahiro Musenyeri Nestori Bihonda. Twakengurutse tutarambirwa, twibuka n'Abungere bakoreye mu ngata uwo Musubirizi w'Abatumwa yabaye ishingiro ryambere ry'umuryango wacu, na bo bakaba ari abahisi Nyenicubahiro Musenyeri Rojeri Mpungu na Nyenicubahiro Musenyeri Yohani Berikimasi Nterere. Bose uko ari batatu ni bakomerwe amashi, Imana nyenimpuhwe n'ikigongwe na Yo ibaronse ubuhirwe budahera mu Bwami bwayo. Ndahimbawe n'ukubasanganira mwebwe ncuti zabo z'amaraso, mwitavye ubutumire twabarungikiye, mukaza gusangira natwe akanyamuneza k'uyu musi mukuru.

4. Abo bavyeyi ntibatamvye birorera kuko Umukama ntiyahengeshanije kubaronsa ababunganira: Abasaserdoti, Abihebeyimana n'Abakristu balayike barimwo Abamenyeshamana n'abandi basangirabutumwa, basangiye na bo kwitanga batiziganya ngo uyo muryango wa Diyoseze yacu urame, ukure, ugire igihagararo mu Burundi no kw'isi yose. Muri abo hariho abo Imana igihangaje kuri iyi si, twipfuza kuza gushikiriza ikimenyetso c'ubukengurutsi bwacu, nk'ababereye abandi mu kibanza.
5. Uwambere muri bo ni Nyenicubahiro Musenyeri Simoni Ntamwana, Umwepiskopi mukuru w'i Gitega, yaranguye amabanga ahambaye atandukanye muri iyi Diyoseze, imbere yuko atorerwa kuba Umwepiskopi agira kabiri wa Diyoseze ya Bujumbura. Ndamusavye avyaguruke mumubone, mumfashe kumushimira. Uwa kabiri ntiyashoboye gushika ngaha kubera ibihe turimwo, twese tuzi, n'ukubera izabukuru agezemwo. Ni umusaserdoti wo mu Muryango w'Abamisionari b'Afrika, Nyakubahwa

Patiri Paul De Smet, dukesha inyubakwa nka zose zo ku kirimba c’Umwepiskopi yuhiriye ku kuzamura ubutunzi bwa Diyoseze bwari bugeze aho umwansi yashaka. Ndasavye uwuserukira abo Bamisiyonari mu Burundi ahaguruke mumubone, aheze azo mudushikirirze ubukengurutsi tuza kumurungikana. Uwa gatatu ni uwihebeyimana, Nyakubahwa Mama Clara Op De Weeg wo mu Muryango w’Ababikira b’Amaraso Meranda ya Yezu dukesha Igororero ry’Abagendana ubumuga ry’aha i Muyinga riragijwe Yohani Bosco Mweranda. Ndasavye, Umukuru w’Umuryango w’Ababikira Bene Umukama babakoreye mu ngata, yigore ahaguruke mumubone, hanyuma azobumudushikiririze ubukengurutsi tumufitiye. Uwa kane, ni Umumenyeshamana, Umukristu mulayike, Nyakubahwa Yuvinali NTAHOBARI dukesha indirimbo nyinshi mpayamana n’ukwitanga cane mu guteza imbere ukuririmbira Imana muri iyi Diyoseze yacu. Na we nyene ndamusavye abanze aje ahabona mumubone, hanyuma aze kutwakirira ikimenyetso twamuteguriye.

6. Nyenicubahiro Mwepiskopi mukuru w’i Gitega, nawe Nyakubahwa Mumenyeshamana Ntahobari, reka mbwire mwebwe mbona, mugabo niyumbira na bagenzi banyu. Iciyumviro co kubasaba ngo mutwakirire ako kameyetso nticatuvunye mu kugishikako. Catujemwo mbere tutakirondeye kubw’ikimangu vyiza tubakesha cadomye mu mitima yacu. Muri bane beza, bamenyesha imice y’abubatse Ekleziya. Abasubirizi w’Abatumwa, Abasaseredoti basuku, Abihebeyimana n’Abalayike. Uko ni ko twiyumvamwo Ekleziya muri iyi Diyoseze yacu kandi ni ko dushashaye kuyikomeza, ngo ibe umuryango witwararitse ko ata n’umwe mu bawugize yokwifata nk’umuvumvyi canke umurorerezi, ahubwo umwe wese akawugiramwo uruhara n’ijambo kandi akagira aho aba akubahwa.

Benicubahiro Bungere ...

7. Iyi Yubire turiko turasozera, twashimye kuyihimbaza nk'akaryo keza turonse ko gufashanya gukomeza muri twese, benumuryango wa Diyoseze yacu, uwo mwitwarariko, tukongera tugakomeza n'uwo kuremesha ingendo y'amahoro n'ugusubiza hamwe. Nico gituma isango nyamukuru mu rukurikirane rw'ayo twagiye turahana ngo atubere akaryo ko kuyihimbaza, ryabaye iryo gutangaza icese Iningo z'Inama yambere y'Umuryango, twagize kuva mu mwaka w'2005 gushika mu w'2009. Na yo ikaba yari igenewe ukuronderera hamwe ingene irangurabutumwa ryacu ryose ryokwerekera kuri uko kuremesha ingendo y'amahoro n'ugusubiza hamwe. Nico gituma muri iyi myaka ibiri tumaze, icivugo cacu cabaye iki ngo: "Sangwa Yubire n'Iningo z'Inama y'Umuryango, Kristu atugire amayogi y'amahoro n'ugusubiza hamwe, mw'iterambere ryuzuye".
8. Kubera ico, inyigisho zose zatunganirijwe imigiwi itandukanye y'Abakristu, mu mibano mitomito rukristu, mu maparuwase no mu bindi bisata vy'ubutumwa, zari zishingiye ku gufasha abazihawe, gutegera ko ukwemera rukristu kutugira abatumwa b'ubwuzure bw'Imana n'abantu, be n'ugusubiza hamwe kw'abantu n'abandi. Mugabo baba abazitanze canke abazihawe, bose baraza ko atawutanga ico adafise. Umuhamagaro wo kuba abatumwa b'ubwo bwuzure bukomoka ku Mana bugashwara mu mitima no mu migenderanire y'abantu, ujana n'umuhamagaro wo kwimenyereza, umwe wese ubwiwe ku bimwerekeye, ukurekurira abamushayeko n'ugusubiza hamwe na bo. Uguhimbaza Yubire kwacu rero, ntikwagarukiye ku gusenga no ku nyigisho gusa. Kwabaye n'ukw'ibikorwa bitumenyereza ingendo ndengerakamere

y'ukwitsinda n'ukwitanga, ngo n'abatugiriye nabi biyumvemwo ko bakundwa kandi ko bagiriwe ikigongwe.

9. Muri iyo nnumbero, twari twipfuje ko twosozenza ihimbazwa rya Yubire yacu, twigina inyubakwa zitatu, twagizemwo uruhara runini, zotubera ivyibutso vy'uko twahimbaje Yubire y'imyaka 50 ya Diyoseze yacu dusangiyen umutima wo kwimenyereza koko iyo ngendo. Inyubakwa yambere yari kuba Ikirimba c'Umuvyeyi Bikira Mariya Inabwuzure, ahitwa Bonero muri Komine ya Gashoho, Paruwase Mubikira atananiro ya Gisanze. Iya kabiri yari kuba Ikigo c'inyigisho z'imyuga mw'Ibohero rikuru ry'aha i Muyinga. Iya gatatu na yo, Ikigo c'ibiganiro nyigisho mu vyerekeye ukuremesha ingendo y'ugusubiza hamwe, twokwitirira umuhisi Nyenicubahiro Musenyeri Yohani Berikimasi Nterere. Izo nyubakwa ntivyakunze ko tuzuzuza imbere y'uyu musi, mugabo tuzoshigwa tuzujuje.

Benicubahiro Bungere ...

10. Mw'itoto rya Yubire, dushaka kubandaniriza aho nyene, twizeye kuzosubira kubatumira vuba ngo muze gusangira natwe akanyamuneza ko kwinjira izo nyubakwa. Ivyo vyose tukazobigira dutumbereye kurushirizaho kuba Ekleziya yuzuriza abantu n'Imana ikabuzuriza no hagati yabo, kugira ngo ubutungane n'amahoro birame. Ko mwashimye rero gusangira natwe ugukekenguruka itoto tudakeka ko iyi Yubire twaje gusozenza idusigiye, nimuteko mudusabire tuzoshobore gushira mu ngiro iryo shaka dufise kubw'ininahazwa ry'Imana no kubw'iteka n'itekane ry'ababa aho Diyoseze igarukiriza imbiye bose. Ngaho aho nipfuza ko twuhuriza imitima muri iyi Nkuka y'Imisa duca duhereza, Nyeniteka Icegera cambere c'Umukuru

w'Inama Nshingamateka yaserukiye Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu
cacu ahejeje kuturamutsa n'ukudushikiriza ijambo. Murakoze. Umukama
n'abahezagire.

✠Yohakimu NTAHONDEREYE
Umwepiskopi wa Muyinga